



Pou Piblikasyon Imedya: 22/12/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AK PWOKIRÈ JENERAL JAMES ANONSE 909,384 DOLA  
SIBVANSYON POU 14 PWOJÈ KI GEN BENEFIS ANVIWÒNMANTAL POU  
KOMINOTE TONAWANDA**

***Se Community Foundation of Greater Buffalo ki administre sibvansyon yo pou 14  
pwojè anviwònmantal ak Amelyorasyon kominotè ke yo seleksyone***

***Rezidan ki kalifye yo te depoze apeprè 3,000 bilten vòt***

Gouvènè Kathy Hochul ak Pwokirè Jeneral Letitia James te akòde jodi a 909,384 dola bay 14 pwojè ki gen benefis anviwònmantal pou kominote Tonawanda nan kad yon dedomajman anvan pou vyolasyon anviwònmantal nan ansyen etablisman Tonawanda Coke Corporation. Sibvansyon yo administre pa Community Foundation of Greater Buffalo, ki varye ant 5,000 ak 250,000 dola epi ki prale dirèkteman pou pwojè amelyorasyon kominotè ak anviwònmant yo chwazi dapre preferans kominote a ki detèmine pa yon pwosesis vòt nan tout kominote a.

"Ak efò asenisman ki ankou nan ansyen etablisman Tonawanda Coke, n ap fè Lwès New York pi solid lè nou pwoteje resous ki pi presye li yo," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Kominote Tonawanda a te inifye pandan tout pwosesis sa epi kounye a li gen opòtinite pou reimajine epi restore tèt li atravè pwojè anviwònmantal ak amelyorasyon nan kominote sa yo. Apre plizyè ane polisyon toujou gen travay ki pou fèt, men sa se yon etap majè nan konstui yon kominote ki pi an sante epi ki pi sekirize."

Pandan plizyè ane, Tonawanda Coke Corporation (TCC) te vyole lwa anviwònmant eta ak federal yo. Yo te egzije TCC peye yon penalite sivil epi bay 1 milyon dola pou yon pwogram sibvansyon - Pwogram Kominotè pou Benefis Anviwònmantal Tonawanda (Community Environmental Benefit Program, EBP) - ki fèt pou pwoteje anviwònmant ak sante piblik Tonawanda. Dapre kondisyon dedomajman an, Eta New York gen responsablite fidisyè pou bay pri sibvansyon final pou moun k ap aplike pou pwojè yo.

**Pwokirè Jeneral James te deklare,** "Pandan twò lontan, kominote Tonawanda a te soufri nan men antrepriz peng ki te mete pwofi anvan byennèt kominote a ak anviwònmant an. Sibvansyon sa yo ap ede restore epi relanse anviwònmant an pou jenerasyon k ap vini yo. Pwoteje anviwònmant nou an ansanm ak sante ak sekirite kominote nou yo se pa yon opsyon epi biwo mwen an ap rann nenpòt antrepriz ki vyole kondisyon sa yo responsab. Mwen remèsye DEC a pou kolaborasyon yo sou pwogram enpòtan sa."

**Komisè DEC a Seggos te deklare,** "Twa zan de sa, Depatman Konsèvasyon Anviwònmantal Eta New York la (Department of Environmental Conservation, DEC) te travay ak patnè eta, lokal ak federal yo pou fèmen definitivman Tonawanda Coke pou pwoteje kominote sa ak anviwònman an. Motive pa aksyon ranfòsman Eta New York pou rann moun k ap kreye polisyon otrefwa sa responsab, Pwogram Kominotè pou Benefis Anviwònmantal Tonawanda a ap sipòte plis pase yon douzèn pwojè anviwònmantal inik ke rezidan lokal yo chwazi pou benetisye tout kominote Tonawanda a."

**Cara Matteliano, Direktè Prensipal Politik ak Estrateji Patenarya, Community Foundation for Greater Buffalo, te deklare** "Nou rekonesan pou lidèchip Konsèy Konsiltatif EBP Kominote Tonawanda a pou antouzyas ak angajman yo pandan tout pwosesis sa. Nou rekonesan tou a Gouvènè Hochul, Pwokirè Jeneral James, ak DEC a pou patenarya yo ak gwoup rezidan Tonawanda yo, epi ki ba yo kapasite pou pran desizyon pou asire ke kominote yo te enplike konplètman nan pwogram nan epi ki te tandè chak etap nan pakou a. Pwojè ki oryante vè kominote sa se yon egzant briyan de yon fason efikas epi enpòtan pou konekte moun, ide, ak resous pou amelyore lavi nan Lwès New York."

Community Foundation of Greater Buffalo (CFGB) jere pwogram sibvansyon an epi etabli yon gwoup konsiltatif kominotè pou ede nan konsepsyon ak mizanplas pwogram nan, ki enkli ede nan detèmine sa kominote a prefere. DEC a, Biwo Pwokirè Jeneral la, ak CFGB a te kolabore ak yon kominote konsiltatif kominotè 12 manm, ki konpoze ak rezidan kominote yo, nan tout eleman devlopman ak mizanplas pwogram nan. Pwosesis sibvansyon an te enkli pou solisite pwopozisyon, yon revizyon pa yon komite ekspè endepandan, ak angajman tout kominote a. Apeprè 3,000 rezidan kominote Tonawanda a te vote pou chwazi benefisyè sibvansyon yo pi pito atravè yon pwosesis vòt kominotè. Pwojè final eta a te chwazi yo reflekte dirèkteman nan pwosesis vòt la—ke ou ka jwenn [isit la](#). Pri sibvansyon yo reflekte tou rekòmandasyon CFGB yo.

**Thomas Piwtorak, rezidan Tonawanda ak manm Konsèy Konsiltatif EBP Kominote Tonawanda, te deklare** "Mwen te pran anpil plezi pou patisipe nan Konsèy Konsiltatif EBP Kominote Tonawanda a k ap travay ansanm ak Community Foundation of Greater Buffalo ak Eta a pou devlope epi pwopaje pawòl la bay kominote a sou gran pwogram benefis sa. Travay vityèlman ak tout volontè lokal ki sousye de anviwònman sa yo pandan pandemi COVID-19 la te yon defi, men rezilta efò nou ak enpak pozitif l ap genyen sou kominote nou an gratifyan anpil. Mwen remèsye efò chak moun ki enplike, epi espesyalman NYS DEC ak NYS OAG, sipò yo. Mwen pa ka tann enpak pozitif sibvansyon sa yo ap genyen sou kominote Tonawanda pou ane k ap vini yo."

**Jill O'Malley, rezidan Vilaj Kenmore ak manm Komite Konsiltatif Kominojte a, te deklare,** "Mwen fyè anpil de pwosesis enklizif, transparan ke komite sa te konsidere pandan tan nou te pase ansanm. Te gen investisman solid tan ak enèji patisipan kominote yo nan kreye liy direktris inisyativ finansman sa. Pwosesis la te byen reflechi epi byen ekilibre pou enspire pwopozisyon pwojè ki kreyatif epi maksimize enplikasyon kominote a. Mwen remèsye Eta a paske li fè paotenarya ak kominote Tonawanda, epi mwen rekonesan pou wè lajan sa re-vesti nan fason ki tèlman enpòtan sa."

Kominote Tonawanda a defini jewografikman kòm komin Tonawanda, vilTonawanda, Tonawanda Nò, ak vilaj Kenmore, ansanm ak pòsyon Grand Island ak katye bò rivyè Buffalo a.

Sibvansyon yo divize an pwojè a ti echèl rive nan echèl mwayen, ki varye soti 5,000 a 25,000 dola, ak pwojè gran echèl ki varye soti 25,001 rive 250,000 dola.

Òganizasyon ki genyen pwojè ti echèl a echèl mwayen yo se:

- Kowalisyon Sitwayen pou Fòn ak Anviwònman an (Citizen Coalition for Wildlife and Environment), "Plan pou Lanati! Jadinaj Ekolojik pou Sante Kominotè ak Distribisyon Plant Endijèn," \$11,900;
- Syans Sitwayen pou Resous Kominotè (Citizen Science Community Resources), "Jaden Viktwa Kominotè," 24,908 dola;
- Depatman Anviwònman ak Planifikasyon (Department of Environment and Planning) Konte Erie, "Baraj Kominotè pou Lapli ki Sibvansyone/Vant Resipyan pou Konpòs," 25,000 dola;
- Sosyete Amelyorasyon Vilaj Kenmore (Kenmore Village Improvement Society), "Bay pye bwa nou yo valè epi sove Abèy yo (Treasure Our Trees and Save the Bees)," 10,000 dola;
- Bibliyotèk Piblik Komin Tonawanda, "Jaden lapli ak espas piblik anplennè akeyan nan Bibliyotèk Kenilworth," \$9,000;
- Distri Lekòl Tonawanda Union Free, nan Komin Tonawanda, "Plane pye bwa epi rann Edison Elementary School bèl," \$6,359;
- Bibliyotèk Piblik Tonawanda, "Jaden lekti kominotè, Bibliyotèk Piblik Vil Tonawanda," \$20,000;
- Depatman Anviwònman ak Planifikasyon Konte Erie, "Koleksyon dechè elektwonik pou granmoun," \$25,000;
- Thomas Edison PTA, "Jaden Kominotè, Asosyasyon Paran-Pwofesè Thomas Edison," \$25,000; ak
- Pwojè Pride North Tonawanda, "Amelyorasyon Jaden Lapli Manhattan Street," 12,440 dola.

Òganizasyon ki genyen pwojè gran echèl yo se:

- Komin Tonawanda, "Santye plizyè izaj Pak Kenney Field, Lakou pou jwèt ak Miray enkli," \$250,000;
- Prezèvasyon Teren Lwès New York (Western New York Land Conservancy), "Kreyasyon rezèv pou nouvo nati, amelyorasyon aksè piblik, restorasyon abita fòn nan, ak òf edikasyon anviwònmantal," 160,777 dola;
- Kowalisyon Lè Pwòp (Clean Air Coalition), "Òganize valè jistis anviwònmantal nou yo nan aksyon," 99,000 dola; ak
- Komisyon Wout Vèt Rivyè Niagara (Niagara River Greenway Commission), "Konstui responsablite epi ranfòse fyète Gran Kominote Tonawanda," 230,000 dola.

**Senatè Charles Schumer te deklare,** "Pandan plizyè deseni, Tonawanda Coke te vyole lalwa epi mete polisyon nan lè ak sòl nou an, ki riske sante rezidan Lwès New York yo. Mwen fyè mwen te goumen kotakot ak kominote a pandan plizyè lane pou rann yo responsab epi mwen pi fyè toujou pou wè lajan sa retounen pou bay

Tonawanda rekiperasyon ak kwasans. Pwojè ki vo lapèn sa yo pou kenbe anviwònman nou an pwòp epi amelyore lavi Nouyòkè nan Lwès yo ap jwenn investisman yo merite a."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Mwen tèlman kontan pou anonse finansman dedomajman enpòtan sa k ap ale nan ranfòsman kominote Tonawanda a. Pandan n ap kontinye fè pwogrè pou konbat efè anviwònmantal sit Tonawanda Coke la, mwen konfyan ke nouvo pwojè sa yo ap bay benefis ki enpòtan pou kominote ki nan vwazinaj yo. Pa gen pwoblèm ki pi ijan pase sante anviwònman nou an, epi m ap toujou defann pou rann moun k ap fè polisyon yo responsab."

**Manm Kongrè Brian Higgins te deklare,** "Tonawanda Coke te yon antrepriz polisyon an seri ke aksyon ensousyan li yo te gen enpak sou rezidan ki toupre ak nan vwazinaj yo. Pandan tan sa -- gras ak rezidan yo ki te leve kanpe epi egzije sa - Tonawanda Coke pa la ankò, kominote sa rete ak konsekans pase restriktif konpayi sa. Sa kòmanse yon nouvo chapit pou Moun Tonawanda, Grand Island ak Riverside yo - yon chapit ki konstui opòtinite pou rezidan yo kreye epi pwofite de espas piblik ki pwòp epi ekolojik."

**Senatè Tim Kennedy te deklare,** "Pandan plizyè ane, Nouyòkè nan Lwès yo te soufri de polisyon Tonawanda Coke te fè. Sibvansyon sa yo, Eta New York ap ede bay yon anviwònman ki pi pwòp, pi sen pou jenerasyon aktyèl ak alavni yo. Mèsi a Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James, ak Community Foundation for Greater Buffalo pou lidèchip asosye yo pou obsève ke pwojè enpòtan sa pote fui"

**Senatè Sean Ryan te deklare,** "Izin Tonawanda Coke te pase plizyè ane ap fè polisyon ilegal nan kominote ki antoure a epi byenke reyabilitasyon sit la enpòtan, sa sèlman pa ase pou adrese domaj ki te fèt la. Mwen remèsye Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James ki bay finansman sa yo, ki te investi kòmsadwa nan rejyon ki afekte pa izin polisyon an. Sibvansyon sa yo ap pèmèt moun Tonawanda pran yon apwoch tèt ansanm pou abòde pwoblèm anviwònman yo nan pwòp katye yo. Finansman yo ap lanse yon seri pwojè kreyatif ki laj, epi chak ap fè pati pa yo pou fè pwomosyon byennèt anviwònmantal epi ranfòse kominote Tonawanda. Sa te ankourajan pou wè tout pwopozisyon sa yo ki te soumèt ak tout rezidan ki te angaje nan pwosesis vòt la. Mwen pa ka tann pou obsève pwojè sa yo nan aksyon".

**Manm Asanble Eta New York Bill Conrad te deklare,** "Pwogram Kominotè pou Benefis Anviwònmantal Tonawanda a reprezante yon tounaj triyonfan nan listwa douloure Tonawanda Coke ak polisyon li te enflije sou sitwayen yo. Soti nan demolisyon izani lan nan jwen rive nan bay sibvansyon sa yo, n ap obsève pouvwa moun k ap aji. Finansman sa, ak pwosesis li distribye a, se pou ewo lejann kotidyen sa: aktivis, syantifik, lidè lokal ak fanmi yo ki pandan plizyè ane te egzije antrepriz la pran reponsablite ak yon anviwònman ki pi sen pou nou tout. Viktwa yo genyen batay la ap onore kounye a, epi enpak yo imortalize pa pwojè ki vo lapèn sa yo. Mwen bat bravo pou DEC ak Pwokirè Jeneral la, Community Foundation for Greater Buffalo, ak konseye kominotè ki devwa yo ki te fè EBP Kominote Tonawanda a yon siksè konsa."

**Manm Asanble Jon D. Rivera te deklare,** "Mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul ak Pwokirè Jeneral James dèske yo fasilite apeprè 1 milyon dola fon dedomajman pou pwojè k ap amelyore sante ak sekirite anviwònman Nouyòkè nan Lwès yo anpil. Vyolasyon anviwòmantal Tonawanda Coke te komèt yo te enòm, epi te ajoute pi plis sou agiman ke pi gwo kontribitè antrepriz nan chanjman klimatik la ta dwe pote fado depans yo sou zepòl yo. Fon ke gouvènè ak pwokirè jeneral la te sekirize nan kad dedomajman sa ap ranfòse efò lokal pou netwaye lè ak vwa navigab nou yo, epi ede kreye yon eta ki pi ekolojik pou tout Nouyòkè."

**Kad Egzekitif Konte Erie a, Mark C. Poloncarz te deklare,** "Pwogram Benefis Komintè Tonawanda Coke la te fèt nan fason ki byen reflechi pou fè kominote kote Tonawanda Coke te sitiye a chwazi pwojè k ap benefisye anviwònman lokal la. Konte Erie pa ka tann pou travay ak pwojè sa yo pandan l ap travay ak patnè nou yo nan gouvènman Vil ak Eta a an menm tan pou asire ke sit la netwaye."

**Sipèvizè Vil Tonawanda a Joseph Emminger te deklare,** "Finansman an ke y ap bay Vil la ak òganizasyon san bi likratif nan Vil la ap ale nan amelyorasyon sante fizik ak sante mantal kominote nou an pou deseni k ap vini yo epi enpak yo nou pa ka souzestime enpak yo dapre opinyon mwen. Mwen swete tou eksprime apresyasyon Vil la pou Community Foundation for Greater Buffalo ak DEC a dèske yo chèche pi bonenterè rezidan Vil la."

Ansye sit Tonawanda Coke la te asedi nan pwogram Sipèfon Eta New York ak Netwayaj Brownfield yo, ak sipèvizyon estrik DEC a pou asire ke netwayaj la pwoteje sante piblik ak anviwònman an. Pou plis enfòmasyon, vizite sitwèb DEC a [DEC anonse nouvo akò pou abòde kontaminasyon ansyen etablisman Tonawanda Coke la konplètman - Depatman Konsèvasyon Anviwòmantal Eta NY \(NYS Dept. of Environmental Conservation\)](#). Kominote Tonawanda a defini jewografikman kòm komin Tonawanda, vil Tonawanda, Tonawanda Nò, ak vilaj Kenmore, ansanm ak pòsyon Grand Island ak katye bò rivyè Buffalo a. Pou plis enfòmasyon sou EBP Kominote Tonawanda a, ki enkli pwosesis, pwopozisyon pou aplikan ak rezilta preferans kominote a, vizite [TonawandaFund.org](#). Kesyon sa se Konseye Politik Peter C. Washburn nan Biwo Pwoteksyon Anviwònman an (Environmental Protection Bureau) ki te jere l anba sipèvizyon Chèf Biwo a Lemuel M. Srolovic. Biwo Pwoteksyon Anviwònman an fè pati Divizyon Jistis Sosyal la (Division for Social Justice), ki dirije pa Pwokirè Jeneral Adjwen Anchèf Meghan Faux.

###

Lèt nouvell disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)